



Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN TWA PWOJÈ INISYATIV
REVITALIZASYON ANBA LAVIL ALBANY KI TOTALIZE 6.6 MILYON DOLA**

Pwojè Clinton Market Collective nan reyimajine antre prensipal vil la, ranfòse koneksyon nan katye a epi kreye yon tèren esè pou biznis tanporè yo, evènman ak pwogramasyon yo

Amelyorasyon aparans vizyèl, fonksyon ak sekirite peyizaj lari nan Clinton Avenue

Yo te ajoute dispozitif ekleraj nan pasaj anba pon fewovye nan Livingston Avenue pou amelyore sekirite pyeton yo

[Gade foto anvan ak apre](#) pwojè Clinton Market Collective la, pwojè Peyizaj Lari nan Clinton Avenue ak pwojè Ekleraj Pon nan Livingstone Avenue

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman twa pwojè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la nan Vil Albany ki totalize 6.6 milyon dola – Clinton Market Collective la, amelyorasyon nan peyizaj lari nan Clinton Avenue ak ekleraj nan Pasaj Fewovye anba Pon nan Livingston Avenue. Pwojè Clinton Market Collective la te renove ansyen Pak Federal ki pa t twò itilize nan ang Broadway ak Clinton Avenue, fè l tounen yon espas piblik dinamik ak yon nouvo konsèp mache ki sèvi kòm yon tèren esè pou biznis ki fèk demare epi ki pral akeyi divès kalite boutik tanporè, instalasyon atis lokal yo ak evènman premye plan. Pwojè Peyizaj Lari nan Clinton Avenue an te amelyore aparans vizyèl, fonksyon ak sekirite peyizaj lari nan Clinton Avenue ki mennen nan Clinton Square. Yo te ajoute tou dispozitif ekleraj nan Pasaj Fewovye Anba Pon nan Livingston Avenue pou amelyore sekirite pyeton yo epi kreye yon bèl antre sou Broadway la. Ansanm, twa pwojè sa yo kontribiye nan objektif Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Albany pou transfòme Clinton Square pou tounen yon distri antre k ap pwospere ak yon sant diferan ki konekte ak katalize aktivite Anba Lavil ak nan Warehouse District.

"Pwojè sa yo se gwo egzanp sou fason investisman nou yo ap transfòme kominote yo epi estimile devlopman ekonomik nan anba lavil yo atravè Eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finisman twa pwojè sa yo ede amelyore plis gwo vil sa a epi kreye pi bon opòtinite biznis ak travay nan zòn nan, pandan y ap sipòte yon espas ki pi bèl ak pi

dinamik. Atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, Eta New York pral kontinye bay resous kominote yo bezwen pou yo pwospere, fleri epi atenn tout potansyèl yo."

Sekretè Deta Walter T. Mosley, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an ap transfòme kominote atravè Eta yo gras ak pwojè inovatè yo, tankou Clinton Market Collective, ki konekte resous esansyèl kominote a, ki rasanble rezidan yo ak atire vizitè ki soti toupatou nan eta a ak nan peyi a. Mwen fyè de travay Depatman Deta a (Department of State, DOS) ak patnè nou yo ap fè pou fè Eta New York yon pi bon kote pou viv, travay ak vizite."

Espas yo te prèske pa itilize anvan sa a ki toupre gwo atraksyon anba lavil yo, Palace Theatre ak Skyway, te tounen kòm Clinton Market Collective, ki gen ladan kounye a fontèn ki gen jè dlo avèk limyè ki gen koulè; twati pou lonbraj; de kontenè livrezon pèsonalize 20 pye longè ki pral disponib pou antreprenè lokal yo, ti biznis yo ak vandè pou lwe; ranp aksesib pou moun andikape yo; pati yo dekoupe nan twotwa ak kouran elektrik ki disponib pou kamyon manje.

Kreyasyon Clinton Market Collective nan pral ranfòse wòl enpòtan Clinton Square anba lavil la, lè l ap rasanble ak eksplwate fòs ak opòtinite ki te kreye atravè investisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Li se yon pòtay prensipal ki menen nan Vil Kapital la, ki sèvi kòm pòt devan Albany pou plizyè dizèn milye Nouyòkè ak vizitè andeyò eta, ki gen ladan plizyè milye moun ki vin travay isit la chak jou ak rezidan yo ki rele Clinton Square lakay yo. Zòn sa a gen yon eritaj istorik rich ki reprezante pa divès estil ak moniman achitektirèl, tankou Albany Union Station ak Quackenbush House.

Pwojè Clinton Market Collective 3.56 milyon dola a, Capitalize Albany patwone, te resevwa 1.16 milyon dola nan kad Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Albany 10 milyon dola a. Pwojè a te benefisye tou yon sibvansyon kapital 750,000 dola nan men Empire State Development (ESD) ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Kapital (Regional Economic Development Council, CREDC) la te rekòmande, yon sibvansyon 1.1 milyon dola Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act, ARPA) an nan Vil Albany, ak yon sibvansyon 250,000 dola nan National Grid.

Pwojè peyizaj lari nan Clinton Avenue an te resevwa 2,818,010 dola nan fon sibvansyon DRI. Nan kad pwojè a, yo te fè amelyorasyon nan peyizaj lari yo ak ranfòse sekirite pou pyeton yo soti nan Broadway rive nan North Hawk Street nan fwontyè DRI a. Konsepsyon pwojè a prezante yon antre nan katye a, amelyorasyon twotwa ak pis pou bisiklèt, amelyorasyon ekleraj pyeton yo, plantasyon pye bwa ak amenajman peyizaj, nouvo siyal sikilasyon ak poubèl.

Pwojè pou Klere Pasaj Anba Pon nan Livingston nan te resevwa 250,000 dola nan fon sibvansyon DRI. Ekleraj pasaj fewovye anba pon nan Livingston Avenue an te entegre dispozitif ekleraj atistik pou amelyore sekirite pyeton yo epi kreye yon bèl antre sou Broadway la. Ekleraj atistik la koyeran avèk ekleraj atistik ki klere Skyway Albany.

Tout twa pwojè yo konplete Skyway ki toupre a, premye ak sèl pak lineyè ki elve nan Rejyon Kapital la ki rekonekte anba lavil Albany ak bò lanmè Rivyè Hudson.

Yo te nonmen Vil Albany kòm gayan Rejyon Kapital la pou [Twazyèm Faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la](#). Plan DRI Albany an konsantre sou revitalize Clinton Square pou kreye yon pòtay akeyan nan Vil Kapital la. Zòn sa a ki konpak ak epi ou ka mache ladan l, rich an istwa, atizay ak richès kiltirèl, se kote senk zòn investisman nan vil la konvèje. Vil la imagine revitalizasyon Clinton Square dirèkteman pandan l ap bay investisman entèkalè, amelyorasyon koridò, ak pwojè revitalizasyon lojman ki sible. Avèk investisman DRI, rezidan, vizitè ak mendèv la pral jwi nouvo lyen vè Rivyè Hudson lan.

Lòt pwojè nan Albany ki te benefisye finansman DRI epi ki fini kounye a gen ladan Skyway Albany ak pak lineyè dinamik tanporè li yo, New Quackenbush Garage Entrance, kat gwo miray nan Clinton Square ak amelyorasyon nan koneksyon Quackenbush Square.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, pwogram tankou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap investi nan sant iben nou yo pou akeyi nouvo rezidan ak vizitè, epi sipòte nouvo biznis ak lide ki jenere kwasans dirab. Clinton Market Collective se yon espas dinamik ki pral pote nouvo biznis, moun ak enèji nan yon ansyen tèren yo pa t twò itilize nan Anba Lavil Albany, epi li reprezante fason efò devlopman kominote sa yo ka kreye chanjman dirab."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou m selebre investisman enpòtan sa yo, yo chak make yon etap enpòtan nan efò nou pou pote yon dinamis ki renouvle nan zòn istorik anba lavil Albany an. Pwojè sa yo demontre angajman kontinyèl nou pou revitalizasyon kominote a — transfòme zòn ki pa twò itilize yo pou tounen espas piblik ki gen anpil valè ki favorize kwasans ekonomik ak amelyore sekirite ak koneksyon pou tout rezidan Albany yo. Mwen fyè pou m wè investisman sa yo reyalize, e mwen anvi wè ki jan pwojè sa yo pral fè Albany vin yon vil ki pi dinamik ak akeyan pou tout moun."

Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare, "Gran ouvèti Clinton Market Collective nan pral ranfòse plis sou enpak ouvèti aksè nan bò lanmè Albany atravè Skyway la. Mèsi a Empire State Development ak tout patnè nasyonal, lokal ak prive ki te reyini pou pèmèt pwojè sa a ke yo t ap tann depi lontan reyalize. Investisman yo nan Anba Lavil Albany pou amelyore depلاسman apye ak kalite lavi te pote transfòmasyon e mwen espere wè l kontinye grandi."

Majistra Albany an, Kathy Sheehan te deklare, "Vil Albany kontan anpil pou l anonse finisman Clinton Market Collective, epi nou remèsye patnè eta nou yo pou finansman ak sipò pou pwojè sa a fini. Anba lavil Albany se youn nan katye ki grandi pi rapid nan vil nou an. Atravè kreyasyon espas piblik polivalan, nou pral asire katye a kontinye grandi epi vin yon kote ki akeyan pa sèlman pou rezidan yo men pou vizitè nou yo tou. Lokal

rasanbleman tankou Clinton Market Collective sèvi kòm kè vil yo, epi avèk koneksyon ak Skyway, The Palace, Pasaj Souteren Livingston, ak anpil lòt bagay ankò, finisman pwojè DRI sa a sou wout pou l vin konsa."

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare, "Envesti nan revitalizasyon anba lavil la enpòtan anpil pou sante ekonomik ak sosyal kominote nou an. Pwojè sa yo pral amelyore sekirite, aksè, ak kalite lavi rezidan nou yo anjeneral, ranfòse touris, epi mete baz pou amelyorasyon alavni. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou apwòch vizyonè li pou redevlopman ak sipò kontinyèl. Mwen pa ka tann pou m temwen enpak pozitif sa pral genyen nan katye sa yo, soti nan Anba Lavil, pase pa Warehouse District, rive nan Arbor Hill."

Prezidan Enterimè Capitalize Albany Corporation, Ashley Mohl te deklare, "Te gen anpil moun ki te mobilize pou reyalizasyon pwojè sa a. Nou rekonesan anvè plizyè santèn manm kominote a ki te pataje lide yo pou transfòme espas sa a pandan pwosesis planifikasyon Clinton Square DRI a, epi mèsè ak National Grid, Depatman Deta, Empire State Development ak Vil Albany pou asistans yo nan aktive antre enpòtan sa a nan vil la ke yo pa t eksplwate. Lòt amenajman enpòtan pou sit la nesèsè pou fè avanse konsèp mache a epi nou pa ka tann pou nou konnen epi travay ak lòt patnè pwojè ki pral ede nou reyalize totalman potansyèl sit la. Mache Clinton se yon nouvo destinasyon ki fèt espesyalman pou pwovoke divès opòtinite pou evènman premye plan, pou ekspoze ak devlope konsèp dinamik lavant an detay ak komès. Espas la pral atire vizitè yo nan Clinton Square epi ankouraje yo pou yo pase plis tan nan eksplòre Albany."

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon Kapital la, Ruth Mahoney ak Doktè Havidán Rodríguez, te deklare, "Nan ajoute Clinton Market Collective la, sa pral jenere nouvo kwasans ekonomik nan konekte byen enpòtan nan Anba Lavil Albany epi kreye yon espas ki fè katye a vin kòm yon kote pou viv, travay ak eksplòre. Ansanm, twa pwojè sa yo montre kouman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap redinamize sant vil Albany nan yon fason ki pral benefik pou zòn sa a pou ane k ap vini yo."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

Inisyativ [Revitalizasyon Anba Lavil](#) (DRI) te lanse an 2016 pou akselere ak ranfòse revitalizasyon anba lavil yo ak katye nan tout dis rejyon Eta a pou sèvi kòm sant aktivite ak katalizè pou ogmante investisman lokal yo. Dirije pa Depatman Deta, kominote DRI yo benefisye patenarya ak asistans teknik kowòdone, Depatman Renouvèlman Lojman ak Kominote (Department of Housing and Community Renewal, HCR), Empire State Development (ESD) ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research & Development Authority, NYSERDA) ofri. DRI reprezante yon estrateji "planifye-pou-aji" ki inovatè e san presedan ki asosye planifikasyon estratejik ansanm ak yon egzekisyon imedyata.

Jiska dat, DRI deja bay yon total 800 milyon dola pou 81 kominote nan sèt premye faz li yo epi li envesti nan kreyasyon preske 4,500 nouvo inite lojman. Yo estime ke chak dola ki envesti nan DRI jenere 3 dola investisman adisyonèl pandan pwosesis revitalizasyon

an ap akselere epi pwojè yo fini. Efè katalizè sa a pral kontinye byen apre kominote DRI yo fini tout pwojè pa yo.

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)